

Notis sou enfòmasyon konfidansyèl

Notis sa a ap esplike fason yo kapab sèvi oswa bay enfòmasyon medikal konsènan sante w, ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Tanpri, byen pran san w pou w li enfòmasyon sa yo.

- Lee Health se yon estrikti ki òganize pou bay swen sante, sa ki fè li kapab pataje enfòmasyon konfidansyèl bay gwoup ak sèvis ki site nan notis sa a yon fason pou l bay tretman, pou pèyman oswa tout aktivite ki gen rapò ak swen sante. Pou nou respekte sa ki gen nan lwa konsènan enfòmasyon anrapò ak sante pasyan (Health Insurance Portability and Accountability Act), aranjman sa a gen ladan l: Cape Coral Hospital, Golisano Children's Hospital of Southwest Florida, Gulf Coast Medical Center, HealthPark Medical Center, Lee Memorial Hospital, Rehabilitation Hospital, Lee Physician Group offices, Convenient Care, HealthPark Care and Rehabilitation Center, tout Lee Health Wellness Centers, ak tout sant oswa depatman ki pa entènè pasyan. Enstitisyon, sit ak lokal sa yo kapab pataje enfòmasyon medikal antre yo pou tretman, pèyman oswa pou yo fonksyone jan yo esplike sa nan notis sa a.

- Lè lalwa mande sa, Lee Health pral fè sa ki posib pou enfòmasyon konfidansyèl l ap bay yo se "minimòm enfòmasyon ki nesèsè" pou atenn objektif li bezwen an. Dapre jan sa parèt nan 45 C.F.R. §164.514(e)(2), "minimòm enfòmasyon ki nesèsè" pou yo bay pou rive atenn objektif yo e y ap bay enfòmasyon sa a si l pratik oswa si sa nesèsè pou yo rive bay sèvis e si yo mande yo sa.

- Yo kapab pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w ak lòt pwofesyonèl lasante ki fè pati Lee Health oswa lòt antite nan objektif pou yo ba w bon kalite swen sante. Lee Health kapab pataje enfòmasyon sou sante w ak lòt depatman ki fè pati òganizasyon an pou ede l kowòdone swen ou bezwen yo. Li ka pataje enfòmasyon tankou preskripsyon, tès san, manje, radyografi ak lòt tès yo fè pou konn sa w genyen.

- Yo ka pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w ak konpayi asirans ou pou yo ka peye Lee Health pou swen sante li te fè w jwenn. Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w ak doktè w pou yo peye yo anrapò ak swen sante ou te resevwa.

- Nou ka pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w pou aktivite ki konsène fonksyonman nou antanke òganizasyon k ap bay swen sante. Lee Health kapab pataje enfòmasyon sou sante w yon fason pou nou kapab evalye kalite sèvis nou ba w pandan tan w fè avèk nou. Nou kapab pataje enfòmasyon konsènan sante w ak lòt ajans ki pa fè pati estrikti nou an pou yo ka revize epi sètifye oswa ban nou lisans pou sèvis nou bay yo.

- Nou kapab pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w bay moun gouvènman an mete pou ede lalwa si ta vin gen yon ankèt k ap fèt paske w viktim abi, yon krim oswa vyolans nan fanmi w.

- Nou kapab pataje enfòmasyon konsènan sante w ak lòt moun oswa enstitisyon k ap bay swen sante sizoka w ta bezwen yo ba w swen medikal ann ijans.

- Nou kapab pataje enfòmasyon konfidansyèl sou sante w ak yon òganizasyon piblik ki okipe zafè sante oswa yon

òganizasyon federal nan ka kote ta vin gen yon maladi trapan k ap gaye oswa yo rapòte gen yon aparèy ki gen defo fabrik oswa nenpòt ensidan anrapò ak yon pwodui biyolojik (manje oswa medikaman).

- Nou kapab mete enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w nan fichye nou yo; nou kapab bay yon moun byen presi ki mande non w, kote w ye nan lokal la, kondisyon jeneral ou e/oswa relijyon ou fè pati. Lee Health kapab fè yon chèf relijye konn ki relijyon w si w te bay enfòmasyon sa a. N ap ba w posiblite pou w refize bay otorizasyon pou nou bay enfòmasyon ki nan fichye nou sof si gen sitiyasyon ijans ki fè w pa ka sèvi ak dwa sa a.

- Enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w fè pati dosye medikal elektwonik Lee Health pataje. Sistèm nan sèvi ak yon dosye medikal elektwonik ki pataje pou fè l pi fasil pou nou jwenn enfòmasyon nou bezwen pou n ba w swen sante. Dosye medikal elektwonik ki pataje a pèmèt manm ki nan sistèm sante a ak lòt asosye ki bay swen sante pou yo gen aksè ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w sèlman nan objektif nou pale nan notis sa a. Chak patisipan ki gen dosye medikal elektwonik ki pataje a gen politik ak pwosedi pa yo anrapò ak bon fason pou yo gen aksè ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante nan dosye medikal elektwonik ki pataje a. E yo fè sa selon sa lwa Eta a ak lwa Federal la mande. Ou kapab mande yon lis patisipan ki otorize pou yo gen dosye medikal elektwonik ki pataje a lè w kontakte ofisye ki gen rapò ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante, Lee Health Patient Information Privacy Officer, nan adrès oswa nimewo telefòn ki pi ba yo.

- Nou pap pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w pou okenn lòt rezon apa rezon ki site pi wo yo oswa pou tretman, pèyman oswa aktivite ki gen rapò ak fonksyonman nou sof si w bay yon otorizasyon ekri pou sa. Ou ka retire otorizasyon pou nou pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w nenpòt lè. Men ou dwe fè sa alekri, ou dwe mete dat pou ki l ap kòmanse aplike e ki enfòmasyon byen presi ou pa vle pataje. Lee Health pa oblije aksepte demann ou an si gen yon aksyon ki te deja kòmanse oswa si w te jwenn otorizasyon an kòm kondisyon pou asirans kouvri depans ou e si lalwa bay asirans lan dwa pou l konteste demann nan.

- Nou ka pataje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w yon fason ki pwoteje e ki efikas ak enstitisyon ki nan rezo echanj enfòmasyon sou sante yo rele Health Information Exchanges (HIE), tankou Care Everywhere, Lee Health ansanm ak lòt pwofesyonèl lasante itilize pou patisipe nan ba w swen sante. Pa egzanp, si w gen yon ijans ki lakòz ou entènè lopital e w pa ka bay enfòmasyon sou sante w, aranjman sa yo ap pèmèt nou mete enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w disponib pou lòt enstitisyon ki fè pati rezo HIE ki bezwen enfòmasyon sa yo pou ba w swen nan lopital la. Ou gen dwa chwazi soti nan rezo HIE a; sepandan, kèlkeswa enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w nou te deja bay ap toujou rete disponib.

Pou w soti nan rezo a ou dwe fè Lee Health Patient Information Privacy Officer konnen w ap soti nan rezo a pa mwayen kourye, telefòn oswa imel yo bay nan fen dokiman sa a.

- Lee Health kapab kontakte w nan telefòn oswa pa kourye (oswa li kapab kite yon mesaj sou repondè) pou l fè w sonje randevou ou genyen, operasyon yo te deja pwograme pou w fè, pou verifye enfòmasyon asirans ak lòt enfòmasyon demografik sou ou tankou laj ou, ras ou eksetera oswa pou ba w rezilta tèst ou. Lè nou wè avèk ou, ou gen dwa mande pou nou fè w jwenn enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w yon fason ki pi prive oswa ou ka ba nou yon lòt mwayen ou prefere. N ap kontan fè tout sa w mande ki rezonab.

- Lee Health kapab kontakte w nan telefòn oswa nan kourye pou l ofri w diferan opsyon tretman oswa lòt sèvis konsènan swen sante ki kapab enterese w. Nan materyèl w ap resevwa pou opsyon sa yo, n ap fè w jwenn enfòmasyon sou fason pou w pa resevwa lòt piblisite si w pa vle sa.

- Nou kapab kontakte w si n ap fè yon kolekte fon pou soutni aktivite nan sistèm nan. Nan materyèl n ap voye pou kolekte fon an, n ap fè w jwenn enfòmasyon sou fason pou w pa resevwa lòt piblisite anrapò ak kolekte fon si w pa vle sa.

- Ou gen dwa mete restriksyon sou fason pou yo sèvi ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w. Sepandan, nou ka chwazi refize restriksyon w bay yo si y ap anpeche nou ba w bon kalite swen oswa si gen yon sityasyon ijans. Lee Health ap aksepte kèlkeswa restriksyon ou bay si enfòmasyon an konsène pèyman oswa sèvis swen sante (sof tretman) e si enfòmasyon an gen rapò sèlman ak yon objè oswa yon sèvis ou fin peye kach pou li.

- Ou gen dwa resevwa kominikasyon anrapò ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w. Lee Health kapab bay enfòmasyon sa yo pou enfòmasyon oswa ede nan enfòmasyon (sa gen ladan l idantifye oswa lokalize) yon moun nan fanmi w, reprezantan w oswa yon lòt moun ki responsab pou pran swen w, lokalize w, sante w an jeneral oswa lanmò w. N ap aji ak bon jijman pwofesyonèl ak eksperyans nou genyen nan metye a pou n pran desizyon ki rezonab yon fason pou n bay moun ki enplike nan pran swen w sèlman enfòmasyon ki nesèsè pou l aji nan ka w la.

- Ou gen dwa revize epi fè fotokopi tout oswa kèlkeswa pòsyon nan enfòmasyon konsènan sante w. Lee Health gen dwa pou l mande yon frè pou fotokopi enfòmasyon yo.

- Ou gen dwa mande yon chanjman nan enfòmasyon konsènan sante w. Ou dwe fè sa alekri e w dwe esplike rezon ki fè w bezwen fè chanjman an. Nou ka refize chanjman an e si se sa, n ap ba w yon esplikasyon alekri.

- Ou gen dwa konnen kiyès ki te gen aksè ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w e pou ki rezon sof si se te pou tretman, pèyman, sèvis anrapò ak swen, lòt aktivite oswa demann ou menm ou te fè direktman. Lee Health mande pou demann responsablite anrapò ak bay enfòmasyon ekri nan Patient Information Privacy Officer ki nan lis pi ba a.

- Ou gen dwa mande epi resevwa yon lis anrapò ak enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w yo te bay. Ou gen dwa jwenn enfòmasyon sa yo pandan sizan anvan dat ou te fè demann nan, men w pa ka fè demann pou enfòmasyon yo te bay anvan 14 avril 2003. Si Lee Health kenbe enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w nan yon fichye elektwonik, w ap ka jwenn enfòmasyon yo bay pa

mwayen elektwonik pou tretman, pèyman ak swen sante pou yon peryòd twazan anvan dat ou fè demann nan. N ap fè w jwenn dat yo te bay enfòmasyon an, non moun oswa enstitisyon yo te bay enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w, detay sou enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w yo te bay, rezon ki fè yo te bay enfòmasyon sa a ak kèk lòt enfòmasyon. Si pandan yon peryòd 12 mwa ou mande yon lis de fwa, nou kapab chaje w yon frè rezonab pou n prepare lis la.

- Si pou yon rezon kèlkonk enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w ta vin pa pwoteje jan l pou l ta pwoteje a, ou gen dwa pou w konn sa. Si Lee Health oswa youn nan asosye l yo vin dekouvri enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante w pa pwoteje jan l ta dwe pwoteje w e si akòz sistèm nan oswa yon asosye lòt moun oswa enstitisyon vin gen aksè ak enfòmasyon sa a, yo jwenn li oswa yo te ba yo l, n ap fè w konnen sa nan yon tan ki rezonab e jan lalwa mande sa.

- Ou gen dwa pou w gen yon kopi Notis sou enfòmasyon konfidansyèl la depi w mande sa. Yo ka fè w jwenn kopi sa a pa mwayen elektwonik oswa sou fòm papye.

- Lalwa egzije Lee Health pou l pwoteje konfidansyalite pasyan l yo. L ap kontinye pwoteje tout e kèlkeswa enfòmasyon konsènan sante pasyan yo e l ap fè pasyans yo jwenn lis tout sa ki fèt pou pwoteje enfòmasyon konsènan sante l depi l mande sa.

- Lee Health angaje selon sa ki di nan notis sa a, ki aplikab depi kounye a. Nou gen dwa pou n fè chanjman nan notis sa a e pou n vin ak lòt ki efikas pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl konsènan sante ki ladan l. N ap mete chanjman ki fèt nan notis sa a sou sit Entènèt Lee Health la, www.LeeHealth.org, e yo ka ba w li ankò nan pwochen vizit ou nan Lee Health.

- Ou gen dwa pote nou plent si w kwè yo vyole dwa w anrapò ak konfidansyalite. Si w santi yo vyole dwa w anrapò ak konfidansyalite, tanpri ekri plent ou an epi voye kourye a nan adrès sa a:

Lee Health
ATTN: Patient Information Privacy Officer
Lee Health
Compliance Department
P.O. Box 2218, Ft. Myers, FL 33902

- N ap fè investigasyon konsènan tout plent nou resevwa. Pa pral gen okenn represay pèsonèl paske w pote yon plent kont Lee Health.

- Ou kapab voye yon plent ekri tou nan adrès sa a:

Region IV, Office of Civil Rights
U.S. Dept. of Health and Human Services
Atlanta Federal Center, Suite 3B70
61 Forsyth Street, S.W.
Atlanta, GA 30303-8909

- Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon anrapò ak notis sa a konsènan konfidansyalite, tanpri kontakte Ofisye konfidansyalite nou an (Privacy Officer) nan adrès sa a:

Lee Health
Compliance Department
P.O. Box 2218, Ft. Myers, FL 33902
239-343-8608

Oswa voye yon imel nan PrivacyOfficer@LeeHealth.org